



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 65 MILYON DOLA REKONPANS POU  
EKSPANSYON GADRI YO NY AP PWOGRESE**

***Finansman ki soti nan Lwa CARES Federal la Pral Sipòte Nouvo Pwotokòl Sante  
ak Sekirite Gadri yo epi Asiste Pwogram Ki Fèmen yo nan Reyouvèti yo***

***Rejyon Mid-Hudson Antre nan Twazyèm Faz Reyouvèti yo Jodi a***

***Long Island pral Antre nan Twazyèm Faz yo Demen***

***1,2 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif***

***Kantite Moun Ki Ospitalize yo Bese pou vin 1,104 Atravè Eta a***

***Yo Konfime 597 Ka Kowonaviris Adisyonèl nan Eta New York - Sa Ki Fè Kantite  
Total nan tout Eta a rive 389,085; Gen Nouvo Ka nan 37 Konte***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke gen 65 milyon dola nan finansman Lwa CARES (CARES Act) federal ki disponib pou founisè gadri timoun yo atravè eta a nan kad pwogram Rekonpans pou Ekspansyon Gadri yo New York ap Pwogrese (New York Forward Child Care Expansion Incentive).

Finansman ki disponib lan gen ladan:

- 20 milyon dola pou asiste pwogram gadri yo ki ap retounen ouvri ak ekspansyon kapasite yo pou bay materyèl pou sipòte yon modèl ki pi distan sou plan sosyal, ak pou materyèl ak aktivite ki asosye ak reyouvèti ak ekspansyon yo. Sa ka enkli klwazon, alokasyon espas akoutèm, elatriye.
- 45 milyon dola nan fon Rekonpans pou Reyouvèti ak Ekspansyon yo pou peye pou 50% depans pou yon sal klas ki fèk fin ouvri (kantite sibvansyon maksimòm lan se 6,000 dola) kòm yon rekonpans pou ouvri sal klas la. Fon tanporè yo pral fini sou dezyèm ak twazyèm mwa yo pandan plis paran ap mennen pitit yo tounen nan gadri yo.

Pandan peryòd pandemi a, 65 pousan nan pwogram gadri ki akredite epi anrejistre nan OCFS yo te rete ouvri, anpil ap bay sèvis a fanmi travayè ki esansyèl yo. Finansman

ke y'ap mete disponib jodi a pral ede pwogram ki te fèmen yo rekòmanse fonksyone pou ka bay sèvis a fanmi ki ap retounen nan travay yo.

"New York soti nan youn nan pi gwo nivo enfeksyon nan peyi a pou vin youn nan pi ba nivo yo paske nou te pran desizyon ki te baze sou lasyans - pa politik," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap gade sa ki rive nan lòt eta yo lè ou jis retounen ouvri san kosidere endikatè presnsipal ak enfòmasyon yo - li pa bon pou sante piblik ak pou ekonomi an, epi eta ki te retounen ouvri yon fason presipite yo kounye a ap wè konsekans yo. Nou fè anviwon 60,000 tès pa jou - plis pase nenpòt lòt eta oswa konte sou yon baz pa abitan epi anviwon 1 pousan nan tès yo te pozitif. Nou byen fè tès sa yo, epi nou gade estatistik yo epi nou kalibre reyouvèti nou baze sou estatistik sa yo. Hudson Valley antre nan twazyèm faz yo jodi a epi Long Island pral antre nan twazyèm faz yo demen."

"Pandan ke n'ap vanse pi plis nan reyouvèti nou epi plis paran ap retounen nan travay yo, nou ap asire nou tou ke pwogram gadri yo atravè eta a gen sipò ke yo bezwen pou yo ka retounen ouvri an tout sekirite", **Gouvènè Cuomo te kontinye.** "Lè nou bay sipò pou sal klas ki elaji yo ki pèmèt pou gen plis distans sosyal ak lòt resous yo, nou ka ede kenbe pèsonèl ak timoun yo an sekirite."

Pou ka kalifye pou fon reyouvèti yo, pwogram gadri yo dwe swa te fèmen apati dat 15 Jen epi te gen yon plan pou yo retounen ouvri nan de semèn apre yo fin aplike, oswa ap fonksyone aktyèlman nan kad kapasite akredite yo epi ta renmen elaji. Sibvansyon an pral varye pandan pwogram yo ap rive atenn kapasite yo. Pwogram nan dwe soumèt yon plan detaye pou itilizasyon fon yo epi yo dwe rete ouvri omwen jiska fen ane a.

Prim maksimòm pou 20 milyon dola nan fon Rekonpans pou Reyouvèti ak Ekspansyon yo depann sou gwo pwogram lan epi varye pou yon sèl sibvansyon ki ant 300 dola a 1,600 dola. Pwogram gadri yo ka aplike nan OCFS jiska dat 15 jiyè.

Gouvènè a te bay moun New York yo tou dènye enfòmasyon sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 aktyèl la. Kantite nouvo ka yo, pousantaj tès ki te pozitif ak anpil lòt pwen enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 1,104 (bese -18 ke jou anvan an)
- **Kantite ICU** - 302 (bese -28 ke jou anvan an)
- **Kantite ICU yo te mete nan tib respiratwa yo** - 204 (bese -24 ke jou anvan an)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 69,769 (ogmante +59 ke jou anvan an)
- **Kantite Lanmò** - 27
- **Kantite Lanmò Total** - 24,766

Sou 48,709 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 597, oswa 1,2 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

<b>REJYON</b>	<b>SAMDI</b>	<b>DIMANCH</b>	<b>LENDI</b>
New York City	1.20%	1.10%	1.40%
Capital Region	0.40%	0.70%	1.30%
Central New York	0.90%	0.70%	1.80%
Finger Lakes	0.40%	0.70%	1.10%
Long Island	1.00%	0.90%	1.10%
Hudson Valley	1.00%	1.00%	1.00%
Mohawk Valley	1.00%	1.40%	0.50%
North Country	0.20%	0.10%	0.40%
Southern Tier	0.30%	0.30%	0.20%
Western New York	0.80%	1.00%	1.30%

Gouvènè a te konfime tou 597 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 389,085 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 389,085 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se jan nou pral site la a:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	2,062	2
Allegany	58	0
Broome	671	1
Cattaraugus	118	3
Cayuga	108	0
Chautauqua	116	0
Chemung	139	0
Chenango	141	1
Clinton	100	0
Columbia	454	2
Cortland	44	0
Delaware	91	1
Dutchess	4,150	5
Erie	7,073	38
Essex	41	0
Franklin	28	1
Fulton	244	0
Genesee	229	4
Greene	256	0
Hamilton	6	0
Herkimer	137	0
Jefferson	84	0

Lewis	24	1
Livingston	125	1
Madison	347	0
Monroe	3,540	28
Montgomery	109	1
Nassau	41,544	31
Niagara	1195	2
NYC	21,3056	315
Oneida	1,421	5
Onondaga	2,702	27
Ontario	242	0
Orange	10,666	12
Orleans	277	1
Oswego	179	6
Otsego	83	0
Putnam	1,305	0
Rensselaer	533	5
Rockland	13,529	15
Saratoga	538	3
Schenectady	770	9
Schoharie	57	0
Schuyler	12	0
Seneca	64	0
St. Lawrence	217	0
Steuben	263	0
Suffolk	41,056	46
Sullivan	1,440	2
Tioga	141	1
Tompkins	175	0
Ulster	1,757	1
Warren	262	0
Washington	244	0
Wayne	145	2
Westchester	34,581	24
Wyoming	93	0
Yates	43	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)